

PENILAIAN TENGAH SEMESTER (PTS) SMP NEGERI ANDAA

NASKAH SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : VIII/ 1
Hari/Tanggal :
Waktu :
Kurikulum : 2013

Pilih salah siji jawaban sing paling bener!

1. Saiki saya akeh wong nggunakake kompor gas awit
 - a. regane luwih larang
 - b. regane lenga tanah wis larang
 - c. melu program pemerintah
 - d. luwih praktis lan luwih resik.
 2. Ing ngisor iki kaluwihane nganggo kompor gas dibandhingna karo kompor lenga biasa
 - a. luwih cepet kanggo olah-olah
 - b. gampang dipindhah-pindhah
 - c. perlu panggonan kang luwih jembar
 - d. gampang olehe tuku nang endi-endi ana
 3. Kompor gas iku perlu panggonan sing omber lan cukup hawane sebab...
 - a. supaya gampang anggone olah-olah
 - b. ruwangan sing panas njalari tabung njeblug
 - c. supaya ngirit las gase ora cepet entek
 - d. ora cedhak karo barang-barang sing gampang njeblug
 4. Kompor gas ora oleh digawe terus tanpa leren-leren sebab...
 - a. supaya bisa ngirit gas
 - b. supaya kompor bisa awet
 - c. kompore bisa njeblug
 - d. ora gampang rusak
 5. Piranti-piranti kompor gas sing perlu digatekake yaiku ...
 - a. isine tabung kebek apa ora
 - b. tabunge anyar apa elek
 - c. pipa kanggo metune gas
 - d. yen mari kanggo kudu enggal diresiki

Bapak Ibu, Tamu undangan, warga Karang Ploso ingkang bagya mulya, mekaten andharan kula bab penyakit mengi utawi asma. Mugi-mugi wonten paedahipun. Menawi wonten ingkang dereng pana,utawi wonten pitakenan kula sakanca saking UNAIR Surabaya tansah sumadya badhe ambiyantu panjenengan. Menawi wonten lepat anggen kula matur. Mugi dipun agung pangaksami. Wasalamualaikum,wr.wb
Kutipan pidato wonten nginggil kalebet ...

- a. purwaka c. surasa basa b. panagarep-arep d. wasana basa

7. Adigang,adigung,adiguna punika tegesipun tiyang ingkang ...
a. boten gadahah isin ,sanajan sampaun dipun sindir boten ngertos
b. ingkang sekti mandgaguna tapi lembah manah
c. mameraken drajat lan pangkat, kekiyatanipun lan kapinteranipun
d. kathah seduluripun , sugih lan kathah kancanipun
8. Urutan kedadeyan crita ing karya sastra , saka wiwitan nganti wekasana diarani ...
a. paraga c. alur b. setting d. amanah

9. .Kangge nyegah kenging flu burung, Pakulinan pola hidup sehat kedah dipun gatosaken . Dhahar seimbang lan bergizi, istirahat ingkang cukup lan olah raga ingkang teratur, saget njaga lan ngindhakaken daya tahaning badan, Menawi wonten ayam. Peksi ingkang kenging infeksi flu burung saenipun dipun besmi kemawon, dene ayam ingkang sehat kedah dipun vaksinasi. Ing bab dhaharan, pangolahing daging ayam kedah milih inking sehat lan dipun masak ngantos suhu 80 derajad Celcius. Yen tigan ngantos 64 derajad celcius.

Gagasan pokok pada ing nginggil inggh menika ...
pola hidup sehat punika dhahar kanthi bergizi, istirahat cukup, olah raga teratur.
Ayam,peksi ingkang kenging infeksi kedah dipun besmi
Daging ayam milih ingkang sehat lan dimasak suhu 80 derajat
Kangge nyegah kemging flu burung kedah migatosaken pola hidup sehat

10. Sadurunge nindakake wawancara, pitakon-pitakon ing wawancara iku becike...
a. wis dicepakake, cocog karo tujuane c. ngenteni nara sumbere teka
b. apa jare anggota kelompok d. ngenteni saka narasumber
11. Pak Krama kae wong lumuh, ora doyan penggaweyan. Sanajan mangkono anake akeh banget. Nganti tanggane sok padha brebegen dening tangise anak-anake. Bojone uga ora nyambut gawe. Saben dina pikirane ajeg mumut mikir butuhe. Ajaa nyekolahke anake kanggo mangan saben dina wae ora ana. Saloka ingkang mathuk kangge cariyos kalawau ...
a. cebol nggayuh lintang c. kebo bulu mati setra
b. timun mungsuh duren d. kebo kabotan sungu
12. Banu iku sejatine anake wong sugih. Nanging ing sekolahan males, ora gelem sinau. Malah kadang klambine rusuh ora disetlika, mula akeh kancane sing ora seneng. Kadhang-kadhang yen kerja kelompok ora ana kancane sing gelem ngajak. Sanajan ngono bocahe ya meneng wae, mung ngenteni kancane sapa sing gelem ngajak. Kang dialami Banu iku padha karo unen-unen ...
a. bebek mungsuh mliwis b. kebo bulu mati setra

- c. timun wungkuk jaga imbuhan
d. timun mungsuh duren
13. Ukara sambawa ing ngisor iki sing duwe teges umpama yaiku ...
a. Aku bisaa nandangi dhewe ora ngongkon kowe
b. sugihya yen wonge medhit ya akeh sing ora seneng
c. sesuk tukua sepatu lan tas ing Matahari
d. iki mengko panasa ya, supaya klambiku garing kabeh
14. Tembung-tembung ing tembang iku diarani ...
a.bawa b. buka c.suluk d. cakepan
15. Sesawangan ing sekolahku saiki nengsemake banget. Tegese nengsemake yaiku ...
a. nentremake b. ngangenake c. nyenengake d. nyedihake
16. Ngungak jembare segara, kanthi beninge netra. Netra tegese ...
a. banyu b. mripat c.srengenge d. rembulan
17. Lelakone ludruk biasane dijupuk saka crita urip sabendina. Tembung lelakon iku kalebu tembung rangkep...
a. dwi purwa b. dwi wasana c. dwi lingga d. dwi lingga salin swara
18. Sunare bagaskara krasa panas sumelet. Bagaskara tegese ...
a. geni b. rembulan c. lintang d. srengenge
19. Ukara ing ngisor iki sing nganggo tembung entar yaiku ...
a. Enom tuwa padha seneng nonton bal-bal
sing rukun
c. Polahe bocah iku anteng kitiran
b. Karo tangga teparo kudu
d. Bocah iku lambene tipis
20. Tembung wayah sing tegese putu yaiku ...
a. Saben wayah sore aku nonton bal-bal
sore
c. wayahe bu Parta iku lima
mulih
b.Ibu kondur saben wayah
d. wayahe jam lima aku
21. a. Peleme wis kalong loro aja dijupuk maneh
b. kalong iku mangani pelem sing mateng
Tembung kalong ing ukara nomer a iku tegese ...
a.entek b. suda c.mateng d.jenenge kewan

22. Wajik kletik gula jawa. Luwih becik sing prasaja. Iku kalebu tuladha ...
a. parikan b. paribasan c. saloka d. sesanti
23. Amarga lara untu aku kudu ngombe obat. Basa kramane yaiku ...
a. Amargi gerah waja,kula kedah ngunjuk obat b. Amargi gerah waja, kula kedah
nginum obat
c. Amargi sakit waja, kula kedah ngunjuk obat d. Amargi sakit waja, kula kedah
nginum obat
24. Panjenengan apa wis mriksani pameran buku? Ukara iku nganggo basa ...
a. ngoko lugu b. ngoko alus c. krama lugu d. karma alus
25. Aja padha ngadeg bae ,ayo padha lungguh . Basa kramane yaiku ...
a. Sampun ngadeg mawon mangga sami lenggah mriki b. Aja mung jumeneng bae, ayo
sami lungguh
c. Sampun naming jumeneng, mangga sami lenggah d. Sampun namung jumeneng,
mangga sami pinarak
- 26 Wis telung dina ibu lara weteng. Basa karma aluse yaiku ...
a. Pun tigang dinten ibu gerah madharan b. Sampun tigang dinten ibu gerah madharan
c. Wis telung dina ibu gerah madharan d. Wis telung dina ibi sakit madharan.
27. Sampeyan ajenge kesah teng pundi, kula mbok tumut. Ukara iku nganggo basa...
a. ngoko lugu b. ngoko alus c. karma lugu d. karma alus
28. Ukara ing ngisor iki sing nganggo ater-ater anuswara yaiku ...
a. Ibu nyirami kembang ing latar c. Aku dipundhutake klambi anyar
b. Bukune apa wis kokbalekake d. aku lunga menyang Semarang
29. Cacahe gatra ing saben sapada iku diarani ...
a. guru lagu b. guru wilangan c. guru gatra d. guru swara
30. Ing ngisor iki sing ora kalebu tembang macapat yaiku ...
a. pangkur b. megatruh c. jamuran d. gambuh
31. Kopine pancen nasgithel, mula rasane enak tenan. Nasgithel iku kalebu tembung ...
a. camboran wutuh b. camboran tugel c. saroja d. garba
32. Panengahe pandhawa lima yaiku ...

a. Puntadewa b. Bima c. Arjuna d. Nakula-Sadewa

33. Ibune Nakula Sadewa yaiku ..

a. Dewi Kunthi b. Dewi Madrim c. Dewi Sinta d. Dewi Ambalika

34. Satriya kang duwe kotang antakusuma yaiku ...

a. Puntadewa b. Yudistira c. Gathotkaca d. Baladewa

35. Wong wadon sing penggaweyane nembang mbarengi gendhing diarani ...

a. dhalang b. waranggana c. niyaga d. gerongan

36. Nembang kanggo mbukani gendhing iku jenenge ...

a. bawa b. buka c. laras d. suwuk

37. Wilahan gamelan sing digawe saka kayu iku jenenge ...

a. peking b. demung c. gambang d. boning

38. Kala kula kelas kalih kalung kula kolang-kaling. Ukara iku kalebu purwakanthi ...

a. guru swara b. guru basa c. guru sastra d. guru lagu

39. Ing ngisor iki sing kalebu ukara carita yaiku ...

a. Akeh musibah ing Indonesia nalika mangsa rendheng iki.

b. Sinaua yen ora dibarengi dunga ya ora bisa lulus

c. Sapa sing bias ngalahake si Badung sing pancen pinter iku.

d. mengko tekaa ing omahku, aku ulang taun

40. Budhala wiwit esuk mau aku mesti ora ketinggalan sepur Argo Bromo. Iki kalebu ukara...

a. pakon b. pitakon c. sananta d. sambawa

41. Pak bagya iku yen dideleng saka penampilane pancen ora ngetarani. Sandhang penganggone katon prasaja malah kepara elek. Nanging sejatine pak Bagya iku petani sing sukses ing kampunge, omahe apik tur gedhe mobile luwih teka siji. Kahanan sing digambarake pak Bagya iku jumbuh karo unen-unen...

a. iwak klebu ing wuwu c. kere munggah bale

b. bathok bolu isi madu d. asu gedhe menang kerahe

42. Aku yen nyawang uripe pak Parna iku mesakake banget. Uripe rekasa banget, merga anake akeh isih cilik-cilik lan penggaweane ora mesti. Kadhang dadi kuli bangunan , kadhang dikongkon tanggane ngresiki pekarangane. Mula penghasilane ya pas-pasan. Kang dialami pak Parna iku jumbuh karo unen-unen ...

43 Ing ngisor iki sing kalebu ukara andharan yaiku ...

- a. Pintera sundhul langit yen ora duwe tata karma ora disenengi kancane
 - b. Ya wis, yen ngono sesuk kowe melua aku menyang Surabaya
 - c. Saben sabtu sore aku lan keluargaka mesti menyang daleme eyang
 - d. Tulung aku mengko tukokna rambutan ing pasar gedha

44. Ukara sambawa ing ngisor iki sing duwe teges sanajan yaiku ...

- a. Aku bisaan nandangi dhewe ora ngongkon kowe
 - b. sugiha yen wonge medhit ya akeh sing ora seneng
 - c. sesuk tukua sepatu lan tas ing Matahari
 - d. iki mengko panasa ya, supaya klambiku garing kabeh

45.Panganggone saloka jroning ukara ing ngisor iki sing paling trep yaiku ...

- a. Mumpung isih enom kowe kudu bisa nguthik-uthik macan turu
 - b. Jaman saiki isih akeh tinemu kahanan kebo nusu gudel
 - c. Pak karta uripe tansah rekasa sebab kaya kutuk marani sunduk
 - d. aku ora arepe tinggal glanggang colong playu kudu marekake masalah iki

46.Jajan iki ... bapak, mbok menawa saiki wis kersa ...

- a. paringna, dhahar b. paringna, nedha c. aturna, dhahar d. aturna, nedha

47. Supaya bisa ngerten iki lan maksude geguritan mula sing kudu ditindakake yaiku ...

- a. negesitembung-tembung sing utama
c. bisa ngrasakake surasane geguritan
c. duwe swara sing landhung
d. maca geguritane dibolan-baleni

48. Supaya bisa maca geguritan kanthi becik mula sing kudu digatekake yaiku ...

- a. bisa ngrasakake isine geguritan
 - b. nemokake tema kang kinandhut
 - c. lancar lan orane carane ngomong
 - d. njlentrehake ukara siji lan sijine.

49. Ing ngisor iki sing kalebu saloka yaiku ...

- a. kandhang langit kemul mega
b. kebo gupak ajak-ajak

c. ngubak-ubak banyu bening
d. emban cindhe emban siladan

50. Ing ngisor iki sing kalebu paribasan yaiku ...

- a. asu gedhe menang kerahe
b. yuyu rumpung mbarong ronge
c. tinggal glanggang colong playu
d. belo melu seton